# Lépp loo wara xam ci xayma ati nit



Saŋwiye 2022

Li dooree 19 saŋwiye 2022, la Biro europeyen biy jàppale nit ñi ci wàllu wut làquwaay (EASO) nekk Agence bu Iñoŋ ëropeyen ci wàllu wut làquwaay (EUAA)

Muy waa Agence bu Iñoŋ ëropeyen ci wàllu wut làquwaay (EUAA) wala ndawi EUAA, seen yoon nekkul ci anam wi ñu nara jëfandikoo leeral yii.

Luxembourg: Biro fësalukaay bu Iñoŋ ëropeyen, 2021

| | | | |
|---|---|---|---|
| Imprime | ISBN 978-92-9485-863-4 | doi: 10.2847/1255 | BZ-06-20-110-EN-C |
| PDF | ISBN 978-92-9485-842-9 | doi: 10.2847/443893 | BZ-06-20-110-EN-N |


© European Union Agency for Asylum, 2022

May nañu la nga duppi ko waaye ci kaw nga wax fi nga ko jëlee.

Képp ku bëgg a jëfandikoo wala duppi nataal bu waa EUAA moomul te amu ñu ci sañ-sañ, dangay dem ca ki moom nataal ba nga ñaan ko ci sañ-sañ.

# Lépp loo wara xam ci xayma ati nit



Saŋwiye 2022

# NDOORTE LI



Bépp xale amna **sañ-sañu am dàntite**. Suñu waxee dàntite, tur kese taxul, waaye **sa barabu juddu ak sa bisu juddu** ak këyit wu koy firndéel.

Su ndaw ñi ñëwee Ërop, lu ci gëna bari **duñu yor këyit** buy xamle ki ñu doon ak seeni at, lu ci firndéelu bisu judd wala paaspoor. Boobaa la leen **kilifa yi di laaj** ñu def **ñu xayma seeni at** ngir wax ndax xale lañu am déet.

Ci Europe, ki ñuy jàppee **xale** mooy ki **matalul 18 at**. Soo nekkee xale, am nga sañ-sañu ñu wutal la kaaraange ngir aar la.

Téere bii dafay xamle ni ñuy xaymaa ati nit ci réewi Ërop yi. Tuuti wuute mën na am ci xayma gi, lépp di aju ci réew mi nga nekk ci Ërop.



Mën nga jàng téere bii boole ci **wideo-animasioŋ** biy wax ci **xayma atu xale bi te waa EUAA def ko**. Wideo animasioŋ boobu amna ci làkk yu bari nekk ci chaine YouTube bu EUAA.

Soo amee telefon wala sa telefonu xarit, eskaneel kot QR bi mu yóbbu la ci wideo bi ci saa si



# KAN MOOY KAN?

**Ahmed** ak **Samira** bu yàggul dara lañu ñëw Ërop te àndu ñu ak seeni waajur. Ginaaw kilifa yi xamu ñu seeni at, dañu leen sant ñoom ñaar ñu xamya seeni at. Ñu ngi xaar ñu saytul leen seeni at.



Ahmed



Samira

**Dr Min** pediatre la, maanaam doktoor buy faj xale yi. Mooy saytu xale ba noppi bind limu gis yónnee ko kilifa yi fu ñu ko soxlaa.



Dr Min

**Dr Sam** ab radiologue la mooy ànd ak Dr Min di liggéey. Dafay def am nataali ci yax yi ñu koy woowe rayon X. Yenn loolu mën na leen jàppale ñu wax ati nit ki.



Dr Sam

## Paula



**Paula** ndawu buur la, liggéeyam jëm ci waxtaan ak xale yi ak ndaw ñi. Ci yoon bokk na ci ñi njëkka daje ak waxtaan ak ñiy wut këyitu làquwaay suñu yegsee ci Ërop.

## Tony



... man maay **Tony**, ab gardien, man maa lay xamal lépp loo soxla xam ci lu jëm ci wàllu xayma atu nit.

## John



**John** moom, mooy sikologu (psychologue) xale yi. Bokk na ci ñiy jàpp ci xayma ati nit ci waxtaan ak amal ay laaj ci xale yu ndaw yiy sooga ñëw Ërop. Dafay jébbal leeral yi kilifa yi, fu ñu ko soxlaa.

# TONY – GARDIEN BI

**Gardien** mooy nit ki ñuy **boole ak xale** yi yegsi ci Ërop **te àndu ñu ak seeni waajur wala ki leen di toppatoo ci yoon**. Ci yenn réew yi, gardien dañu leen di woowe ndaw yi leen di teewal.

**Gardien bu ci melni man, sama liggéey mooy jàppale la nga tontu ci bépp laaj buñu mëna laaj xale yi.** Ci misaal, laaj mu melni naka lañuy demee ekol, fan lañuy mëna dëkk, wala naka lañuy gisee doktoor bu seen yaram nàqaree. Mën nga laaj sa gardien mu jàppale la ci mbir yi ci bokk yépp.

Leegi xaaral ma wax la lan mooy xayma at ak lan moo tax mu am solo.



# Bàyyi ci xel

Xale bu nekk amna sañ-sañu am gardien bu melni man. Damalay jàppale nga wax sa xalaat, sa yëg-yëg, ak fexe ba ñu dégg la.

# LU WARAL NUY XAYMA AT?

Su ndawu buur wu melni Paula xamul ati ndaw luy sooga yegsi Ërop, te amul benn këyit buy indi firnde ci at yi mu am, mën nañu sàkku ci yaw ñu xayma say at.

Ab **xayma at** menn **pexe la muy xamle limu at yi nga wara am wala lu ko jege**.

Ginaaw buñu ko xaymaa dinga am këyit wuñu lay jox wu am at yi nga am. Sudee **amagoo 18 at**, **xale** lañu lay jàppee. Ñi **weesu 18 at** ay **mag** lañu.



# XAMOO?



Ñu bind say at ci këyit wu bawoo ci ndawul buur lu am solo la.

Sudee xale nga, dina am nuñu lay jàppale ci diir bi nga toppatoo sa këyitu wut làquwaay. Suñu xamee say at ci lañuy mëna xam fi ngay dëkk ak ki nga nara dëkkal. Dina jàppale ndawi buur ñu mëna jël ay dogal, ci misaal, sudee danga wara am gardien am déet, ban ekol wala ban klaas nga wara dem ak yeneen mbir.


# JOXE CI SA KÀDDU

Ci yoon, ndawu buur yi dina ñu la laaj ndax ànd nga ci ñu xayma say at. **Soo nangoo** dafay faral di **tekki ni joxe nga sa kàddu** ngir ñu xayma say at.

**Am nga sañ-sañu laaj sudee dafa am lu leerul ci sa xel. Am nga sañ-sañu laaj ñu** wutal la **tekkikatu làkk (traducteur) wala interprete sude déggoo** làkk wi ndawi buur di wax.

Ab **tekkikatu làkk (traducteur) wala interprete mooy ki lay tekkil wax ji ci làkk wi nga dégg** te daf lay jàppale nga mëna jokkoo ak ndawi buur saa yu nekkee lu war. Seen **cër** mooy ñu **tekkil la bu baax** li ngeen di wax yaw ak ndawul buur.

Soo xamee li ñuy xaar ci yaw sañuy xayma say at ak li waral xayma say at nekk lu am solo soo ko defee, mën nga joxe sa kàddu ci xel mu dal.





# NI ÑUY XAYMAA AT YI

Amna ñeenti anam yu ñuy xaymaa ati yi ndaw li am.

## 1. WAXTAAN WI NDAW LI DI AMAL AK NDAWU BUUR LU MELNI PAULA

Ndawi buur yu melni Paula **dina ñu xool bépp këyit** boo leen jox. Ci misaal, këyit yi nga indaale ngay joge sam réew wala këyit yiñ la jox bi ngay tukki. Mën na am itam ñu laaj la ay mbir ci linga dund laata ngay ñëw dëkk si Ërop. Laaj yooyu mën nañu laal lu ci melni, ci misaal, ndax jàng nga wala ban ekol nga jàggee, ñaata mag ak rakk nga am, laaj la itam ci sa waa kër.

Sudee say **tontu dafa lalu ci dëgg** dina yombal Paula mu xam ñaata at nga wara am wala lu ko jege. Ginaaw loolu, Paula dafay jël ab dogal. Sudee ba leegi amu ci luko leer te xamul ñaata at la wara bind, te lépp di aju ci réew mi nga nekk, dañuy lay boole ak ab sikolog wala asistaŋ sosial buñu ràññee. Ñoom dina ñu am yeneen mbir yu ñu lay laaj.



## 2. DAJE AK SIKOLOGU XALE, KU CI MELNI JOHN WALA ASISTAŊ SOSIAL

Dinga daje ak ku melni John, moom **sikologu xale la**.
Waaye amna ci yenn réew yi asistaŋ sosial ngay dajeel.


Sikologu xale bi ak **asistaŋ sosial bi** xam nañu ni ñuy waxee ak xale ci anam wu dal. Dina ñu la laaj mbir yu bari ci sa dundu wala ci sa famiy bi nga bàyyi réew ma. Mën nañu la laaj li nga bëgg a def ak linga bëggul a def. Amaana ñu laaj la lu jëm ci say xariti benn bakkan ak diir bi nga xamantee ak ñoom wala laaj la nga xamal leen xew-xew yi am ci sa réew.

**Bul fàtte laaj** sudee dafa am lu desee leer ci sa xel wala sudee danga soxla ay leeral.








kg

## 3. DOKTOORU XALE DAFAY XOOL YARAMU XALE BI

Ci yenn réew yi, mën nañu la laaj nga gise ak doktoor buy faj xale (pediatre), ku ci melni Dr Min di ku xelam màcc jëm ci wàllu xale. Wisit bi pediatre di defal xale bi mën na wuutu bu dajeem ak sikolog wala asistaŋ sosial.

Doktoor yi dañuy xool ñaata kilo la xale bi am ci diisaay, ñaata cm ci njoolaay, amaana ñu xoolaale say bëñ laaj itam ndax yëgoo dara ci sa yaram. Mën nañu la wax itam nga summi yenn ci say yéere ngir ñu gëna mën a xool sa yaram. Waaye, kenn du la wax nga summeeku ba set wecc. Bul fàtte ni, sula nit waxee nga simmeeku ba set, mën nga ko ni **DÉEDET**.

Ci réew yu bari, sula neexee laaj ñu wutal la doktoor bu góor wala bu jigéen, lépp di aju ci ki nga bëgg mu xool ak ndax jàppandi na.





## 4. RADIOLOGUE BUN TÀGGAT NGIR MUY DEFAL XALE YI RADIO (RAYON X)

Pediatre yi dañuy lëkkaloo di lingéey ak yeneen doktoor, yu ci melni radiologue yu ci melni Dr Sam. Liggéeyu radiologue mooy jël nataali yaxi xale bi ci masin yu mag yu ñuy woowe radiographie (rayon X). Radiographie bi dafa melni aparey foto bu mag, te mën na jël nataalu yax yi ci sa biir yaram.

Bul jaaxle, **def xeeti nataal yu mel noonu** ci say yax **du doon luy metti** dara. Boo koy seet, doo ci yëg dara ndax du metti. Waaye, nit wurul bari lumuy def radio ndax dafa am ay rayon x.

Ci réew mi nga nekk doktoor bi mooy xool ndax radio bi ci sa loxo fi tolloo ak fi ngay takk montre, sa kolon vertebrale wala yenn saay ci say bëñ. Anam wi say yax duggalante ak ni ñu mel ci radio bi dafay may doktoor mu mëna xayma ñaata at nga am.



# Bul fàtte

Lépp di aju ci réew mi nga nekk, xayma at yi mën na nekk:

- **waxtaanu xayma at yi,**
- ab **waxtaan ak sikologu xale wala asistaŋ sosial**,
- ab **pediatre buy saytu yaramu xale bi**,
- wala ab radiologue defloo ko **radio**.

Yenn saay, ñu boole xayma at yi ak yenn ci anam yii ñu wax.

**Sudee danga am looy laaj**, bul ko nëbb **laaj ñu dégg!** Ndaw yi wara xayma say at, ñu ci melni Paula, John, Dr Min wala keneen, dañu wara tontu ci say laaj. Sudee danga am jafe-jafe xam li ñuy làkk, wax leen ni déggoo làkk woowu. Suko defee dina ñu def seen kéem kàttan ngir wutal la kuy tekki wax ji ci làkk wi nga dégg.




# BIND SAY LAAJ

**BINDAL LAAJ YI NGA AM YU JËM CI XAYMA AT YI YOO SOXLA AY LEERAL LEEGI.**



# NJUREEFI (RESULTAT) XAYMA AT YI



**Ginaaw buñu xaymaa at yi bamu yegg**, ci réew yu bari asistaŋ sosial bi mën nala **wax resiltaa yi te dina ñu la yónnee bataaxal buñ bind dogal bi ñu jël** ci at yi nga am. Bataaxal boobu dafa am solo, kon denc ko fu wóor mu baña réer.

Su xayma bi yeggee **du tere xel dina xawa teey** ci limu at yi nga am manaam ndax **amagoo 18 at** wala ndax **weesu nga 18 at**, waaye dañu wara tànn ni **amagoo fukki at ak juróom ñatt**.

**Loolu lañuy woowe RAFET NJORTU!**

# LAN NGA MËN A DEF SUDEE ÀNDOO CI DOGAL BIÑ JËL?



Yenn saay resiltaa xayma at yi mën na joxe at yu yées tuuti at yi nga am wala mu ëpp ko tuuti.

Sudee **àndoo ci dogal** ci say at, waxtaanal ak sa gardien wala ndawu booru biy liggéey ak fi nga dëkk, ci misaal ndawu yoon, ndawu jot wala asistaŋ sosial. Dina ñu la jàppale nga waajal say këyit ngir mëna def apel.

**Def apel** mooy nga **bañ ànd ci dogal biñ jël wala nga weddi dogal biñ jël biñ xaymaa sa xel**. Ci réew yu bari, amna limu bis yuñ la may nga mën ko ci def ginaaw buñu jëlee dogal ba noppi ba ñu yónnee la ko ci bataaxal buñu bind. Nanga fexe ba **bul xaar lu yàgg lool** te gaaw jokkoo ak ñoom ngir ñu dellu ginaaw ci doggal bi ñu jël!


Am 19 at?


# NJARIÑU XALE BI

Ndawi buur dañu wara fexe ba bépp dogal buñu jël dafay jëm ci **njariñu xale bi**.

**Xool njariñu xale bi** amul solo noonu suñuy xayma at yi, waaye itam suñuy jël dogal ci fi xale wara dëkk ak ki mu wara dëkkal, ban daara ak ban klaas la wara bokk ak yeneen mbir.

Gardien yu melni man, seen liggéey mooy jàppale kilifa yi ñu **xool bu baax li gën ci yaw**.





# Bàyyi ci xel

- Dinga jot **bataaxalu buur** bu ànd ak dogal biñ jël ci at yi nga am.
- Mën nga def apel boo jàppee ni at yiñ la jox wuute na ak li nga am!
- Danga wara gaaw **def apel** ginaaw boo jotee dogal biñ jël ci xayma bi.
- Saa yoo amee lu leeral sa bopp **laajal ñu wax la**.



# LEERAL YU MUJJ

**Bul fàtte, am këyit wu bawoo ci buur ànd ak sa bisu judd dafa am solo** ci yaw ci fànn yu bari. Dina la jàppale nga mëna dem ekol, ci misaal, ak dëkkandoo ak ay ndaw yoo maaseel.

Soo yegsee ci Ërop te yoroo benn këyit bu amaale say at, dem ñu xaymaal la say at mën nala dimbali.

Bul fàtte ni, doo wéet ci liggéey boobu. Ndawi buur yiy liggéey fi nga dëkk, seen cër mooy dimbali la.

Saa yoo amee lu leerul ci sa bopp, laajal ñu jox la ci ay leeral!







Li ci mujj itam mooy nga xam ni Ërop dafa am **ay sàrt ak ay yoon yuy aar xale** ci fitna ak loraange.

Réewi Ërop yépp dañu tënku ci Ponki sàmmoonte ak àqi ndaw ñi (Convention ci àq ak yelleefu ndaw ñi), ñu koy faral di woowe CRC. CRC mooy këyit wiy leeral àqi xale yi ak li ci nguur yiñ jagleel xale yi wara def ngir ñu nekk ci kaaraange, ñu mëna dund ci jàmm.

CRC dafay aar xale yiy doomi réew mi waaye itam yeneen xale yi bawoo yeneen réew te nekk ci réew mi nga nekk itam te ñëw Ërop bokk nañu ci.

Leegi sudee danga bëgg natt sa bopp ngir xam li nga jota jàpp ci ni ñuy defee xayma ati nit, wéyal ba ci laaj ak tontu yi ci xët wi ci topp. Yaay bañ!



# LAAJ YU JËM CI XAYMA AT

**Q1.** Ndax jàpp nga lenn ci àq yi xale bi am ci diir bi ñuy saytu ay atam? Limal yenn ci àq yi nga jàpp.

**Q2.** Xam nga ñaata anam lañu mëna xaymaa ati nit ki ci réewi Ërop yi?

**Q3.** Naka lala ab gardien mëna dimbalee?

**Q4.** Ndax medsiŋ yi wala ndawi buur yi mën nañu baña jubbóo ci at wala juum ci at yiñ joxe? Sudee waaw, lan nga mëna def?

**Q5.** Ndax xam nga li ‘rafet njortu ci xale bi’ di tekki?

AM NGA JAARAAMA, TONTU NGA CI LAAJ YEPP!

DINGA FEKK TONTU YI CI XËT WI CI TOPP.

# TONTUY LAAJ YI

## TONTU LAAJ 1

- Yelleefu ñu déglu la
- Yelleefu am bisu judd (dafay am solo ci yeneen mbir yi ci topp)
- Yelleefu kaaraange
- Yelleefu am yeneen ndimbal ci diir bi nga nekk xale (ci misaal barab bu fanaanukaay/jàng bu baax)
- Yelleefu ñu yëgal la
- Yelleefu laaj
- Yelleefu wax Déedet (suñu la santee nga simmeeku ba set bu ñuy saytu sa yaram)
- Yelleefu am gardien bu la taxawu
- Yelleefu tànn fajkat bu góor wala jigéen boo bëgg mu saytu sa yaram
- Yelleefu def apel cib dogal

### TONTUY LAAJ 2

- Waxtaan wu njëkk ak ndawul buur
- Xayma bu la ab sikolog wala ab asistaŋ sosial
- Ab doktoor saytul la sa yaram (ci misaal xool say bëñ, sa diisaayu yaram ak sa njoolaay)
- Ab radiograafi su ko jaree

### TONTUY LAAJ 3

- Am gardien buy teew ngir jàppale la ak taxawu la ci diir bu ñuy xay ma say at
- Amal say laaj ak ñu wutal la ku lay tekkil wax ji ci làkk wi nga dégg
- Mën a tànn doktoor bu góor wala bu jigéen bu lay saytu

### TONTUY LAAJ 4

- Suñu xamul ñaata at nga am ndawi buur yi dañuy tànn at yi gëna ndaw (rafet njortu)
- Am nga sañ-sañu def apel ci dogal biñ jël ci xayma at yi


### TONTUY LAAJ 5

- Bépp jéego buñu def ci bu ñuy xayma at yi dafa wara jëm ci njariñu xale bi, loolu dafay tekki ni kilifa yi dañu war saa yu nekk di jiital ci seen xel njariñu xale bi. Li muy tekki mooy jëf yi dañu ma wara amal njariñ. Xam naa ko, waaye, loolu tekkiwul ni kilifa yi mën nañu sottal samay mébet yi ma am.



**Sant ak ngërëm ñeel na bépp xale** ak ndaw yi joxe seen xalaat ci wideo animasioŋ biy wax ci xayma at bi ñuy defal xale yi. Téere bii a ngi sosoo ci seeni xalaat yu rafet yu ngeen ñu baaxe ngir ñu defar téere bu gëna mëna jàppale ak jox leeral ndaw yiy wut këyit ngir xam lan mooy xayma at ak naka lañuy mëna def ba bokk ci def ko ci anam wu jaar yoon.





Publications Office
of the European Union